# 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

**SANLAR:**

· Sanaat islep shıǵarıw kólemi **10563,1** mlrd.sumdı, ósiw **4,1%**ti quraydı

· Tutınıw tovarları islep shıǵarıwdıń ósiw páti – **112,4** % ti quraydı

· Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi -**18,7** % ti quraydi

· Hárekettegi sanaat karxanalar sanı - **1796** birlikti quraydı

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 10563,1 mlrd.sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstirǵanda ósiw páti 104,1 % dı quraydı.

Ulıwma sanaat islep shiǵarıw kólemi ósiwiniń tiykarǵı sebebi bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta islew) sanaatında islep shıǵarıw kóleminiń 2,7 % ǵa, taw- kán sanaati hám ashıq kánlerdi islewiniń 17,9 % ǵa, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditsiyalawdıń 13,7 % ǵa suw menen táminlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıwdıń 52,5 % ǵa ósiwi esaplanadı.

***2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında ahmiyetli ekanomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı***



## *Taw- kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew.*



Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler muǵdarı 328,0 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri muǵdarınıń 3,1 % ın quraydı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha háktas qazıp alıw kólemi ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 36,7 % ǵa, gaz kondensati 6,9 % ǵa hám tábiy gaz – 6,5 % ǵa óskenligin kóriwimiz múmkin.

### *Yanvar-dekabr aylarında taw- kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw*

| Taw- kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew ónimleri | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | Ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| **Háktas, t**  | 187225,0 | 136931,3 | 136,7 ↑ |
| **Gaz kondensati, mıń t.**  | 175,7 | 164,5 | 106,9 ↑ |
| **Tábiyǵıy gaz, mln.kub.m**  | 6125,5 | 5753,3 | 106,5 ↑ |

***Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew sanaatı).***



2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 9589,7 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 90,8 % tin quraydı.

Islep shıǵarılǵan sanaat strukturasında joqarı texnologiyalı tarmaqlardiń úlesi 0,2 %, ortasha-joqarı texnologiyalı 73,0 %, ortasha-pás texnologiyalı 3,9 % hám pás texnologiyalı 22,9 % dı quraydı.

***2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarıwdıń texnologik strukturası boyinsha islep shıǵaratuǵın sanaat strukturası***




Óz nawbetinde qayta islew sanaatinda ótken jildiń usi dáwirine salistirǵanda kislorod islep shiǵariw 36,9 %, tazalanǵan gurish 14,3 % , araq 10,2 % ǵa, paxtadan iyirilgen jip 0,9 % ǵa , karbanat dinatriya 9,5 %, jumsaq biyday uni 7,9 % ǵa óskenin hám paxta talasi, ósimlik mayi (tazalanǵan), biyday nan, islep shiǵariw ótken jildiń usi dáwirine salistirǵanda páseygenin kóriwimiz múmkin.

***Yanvar-dekabr aylarında qayta islew sanaatında iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw***

| Islep shıǵaratuǵın sanaat ónimleri | 2018 jıldа islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | Ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| **Paxta talası, t**  | 51548,0 | 64324,0 | 80,1 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), t**  | 11449,1 | 14922,9 | 76,7 |
| **Tazalanǵan gúrish, t**  | 4757,1 | 4162,1 | 114,3 |
| **Jumsaq biyday unı, t**  | 79201,3 | 73427,5 | 107,9 |
| **Biydai nanı , t**  | 2566,6 | 3220,3 | 79,7 |
| **Makaron ónimleri, t**  | 2955,6 | 4747,4 | 62,3 |
| **Iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq , t**  | 38984,1 | 38595,3 | 101,0 |
| **Araq, mıń.l. 100% spirt**  | 4430,8 | 4020,5 | 110,2 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Paxtadan iyirilgen jip, t**  | 3667,2 | 3633,7 | 100,9 | ↑ |
| **Kislorod, mıń.m3**  | 10,7 | 7,8 | 136,9 | ↑ |
| **Karbonat dinatriya, mıń.t.**  | 188,6 | 172,2 | 109,5 | ↑ |
| **Polietilen, t.**  | 352551,9 | 377853,6 | 93,3 | ↓ |
| **Polipropilen, t.**  | 93208,1 | 94166,5 | 99,0 | ↓ |

## *Elektr, gaz, puw menen táminlew háм hawanı kondittsiyalaw.*

Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı kondittsiyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 526,0 mlrd.sumdı (ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 5,0 % ) quraydı.



2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında sanaattıń bul tarmaqlarında ıssılıq energiyasın islep shıǵarıw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 26,3 %, ke elektr energiyasın islep shıǵarıw 2,6 % ǵa kemeyiwi baqlandı.

### *Suw menen táminlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw.*



Suw menen táminlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 119,4 mlrd. sumdi (jámi islep shigarilǵan ónimler kóleminiń 1,1 % dı) quraydi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda quramında qara metall bolǵan ekilemshi shiyki ónim 78,7 % ǵa, suwǵa islew beriw hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleri 26,4 % ǵa, shıǵındı suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 34,6 % ǵa kóterilgenligi baqlandı.

### *Tutınıw tovarlarin islep shıǵarıw.*

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátijesinde tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi 1665,7 mlrd.sumdı quradı hám 2017 jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda 12,4 % ǵa ósiwi táminlendi, ulıwma sanaattaǵı úlesi bolsa 15,8 % dı quradı.

### *2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti*



2017 jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda tutınıw tovarlari quramında azıq-awqat emes tovarlardı islep shıǵarıw kóleminiń 33,6 % ten 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında 39,8 % ke ósiwi baqlandı.

***Iri hám kishi biznes subektleri tárepinen tutınıw tovarları islep shıǵarıw quramı, %***




## *Aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıwı*

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp Nókis qalası (respublika sanaat islep shıǵarıw kóleminiń 72,1 % úlesi), Taqıyatas (4,5 %), Xojeli (3,2 %), Ámudarya (2,7%), Moynaq (2,6 %) rayonları úlesine tuwri keledi.

Soniń menen birge, tutınıw tovarları kóleminiń eń úlken úlesi Nókis qalası (jámi tutınıw tovarları kóleminiń 27,0 %), Xojeli (11,1%), Qońırat (9,0 %), Tórtkúl (8,9 %), Ámudarya (7,5 %) rayonlarında islep shıǵarıldı.

Aymaqlardiń islep shıǵarıw ónimdarlıǵın asırıw boyınsh ámelge asırılıp atırǵan is-ilajlar nátiyjesinde Qaraózek (128,4 %), Shomanay (127,1 %), Moynaq (124,6 %), Ellikqala (122,8 %) hám Nókis (121,8 %) rayonlarında sanaat islep shıǵarıw kólemi sezilerli dárejede ósiwine tásirin kórsetti.

Soniń menen birge Qanlikól (148,7 %), Ellikqala (142,0 %), Taqıyatas (136,9 %), Shomanay (135,1 %) hám Kegeyli (130,6 %) rayonlarında tutınıw tovarlari sezilerli dárejede ósti.

***2018 jıldıń yanvar - dekabr aylarında aymaqlar boyınsha sanaat islep shıǵarıw hám tutınıw tovarlarınıń ósiw páti ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda % da***




Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi Nókıs qalasında (24345,4 mıń.sum), Moynaq (8749,0 mıń.sum), Taqıyatas (6533,4 mıń.sum) rayonlarında ortasha respublika dárejesi kórsetkishinen (5691,3 mıń.sum) ádewir joqarılıǵın kórsetpekte.

Respublika boyınsha xalıq jan basına tutınıw tovarları islep shıǵarıw 897,5 mıń.sum bolǵan bolsa Xojeli (1535,9 mıń.sum), Nókis qalası (1438,3 mıń.sum), Qońırat (1176,1 mıń.sum), Taqıyatas (1095,7 mıń.sum), Qaraózek (942,1 mıń.sum) dı quramaqta.

***2018 jıl yanvar-dekabr aylarında xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimleri islep shıǵarıw hám tutınıw tovarlarınıń ósiw páti***




Aymaqlar kesiminde xalıq jan basına ortasha sanaat ónimleri islep shıǵarıw kóleminiń joqarı ósiw pátleri Qaraózek (2017-jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda 127,2 %), Shomanay (126,0 %), Moynaq (123,0 %), Ellikqala (120,4 %), Nókis (119,5 %) rayonlarında baqlandı.

***Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi.***

Kishi biznes subektleri sanaat islep shıǵarıwda keskin háreketleniwi natiyjesinde olar tárepinen sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi ótgen jıldıń usı dáwirge salıstırǵanda 19,0 % ǵa osiwin támiyinledi, óz nawbetinde kishi biznestiń uliwma sanaat islep shıǵarıwdaǵi úlesi bolsa 18,7 % dı quraydı.

***2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında aymaqlar boyınsha kishi biznestiń sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi , %***




Aymaqlar kesiminde kishi biznestiń sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵi eń joqarı ulesi Shomanay (ulıwma sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵi úlesi 100 %), Nókis (99,9 %), Taxtakópir hám Qaraózek (99,98 %) rayonlarında baqlanǵan bolsa, eń kishi úles Nókis qalasında (7,0 %), Taxiyatas (8,2 %), Moynaq (10,0 %) hám Qanlikól (31,4%) rayonlarında gúzetiledi .

***2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarıda tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı mahalliylestiriw*.**

Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizatsiya dástúriniń ámelge asırılıwı respublika sanaat ónimleri islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa óz tásirin kórsetti, joqarıdaǵı dástúr boyınsha 3952,7 mlrd.sumlıq ónim islep shıǵarılǵan bolıp 386,2 mln. AQSH dollar muǵdarında lokalizatsiya qılınǵan ónimler eksport qılındi.

Lokalizatsiya qılınǵan ónimler kólemi ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,7 mártege ósiwi baqlandı.

***2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarıda tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizatsiya qılıw dástúriniń ahmiyetli kórsetkishleri***







2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında lokalizatsiya qılıw dástúri ishinde islep shig'arilg'an ónimler jámi kóleminiń 99,6 payızın Nókis qalası (3937,3 mlrd. sum) kárxanalarına tuwrı keledi.

## *Hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları.*

Búgungi kúnde respublikada 1796 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, olardan 501 in jańadan ashılǵan sanaat kárxanalari quraydı. Jańadan ashilǵan kárxanalardıń derlik 67 % ın Nókis qalası, Ámudarya , Taqıyatas, Qońırat, Qaraózek , Tórtkúl hám Beruniy rayonlarına tuwri keledi.

***2019 jıl 1 yanvar jaǵdayına hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanalar sanı, birlik***




***Sanaat statistikasi bólimi***

***Baspaǵa juwapker:*** ***Gulmurzaeva T.***

***Baylanıs telefonı:*** ***(0371) 230-82-09***